

**ФИДИБÆСТИ ЗÆНХÆ, КА ИБÆЛ ЦÆРУЙ, УОНÆН УАРЗОН ÆЙ, ФУДГОЛТÆН БА –ТОГГИН!..**

*Михаил КАЛИНИН (1875-1946), ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми сæрдар, Устур Фидибæстон тугъди райдайæни æ радзубандий загъта: «Балæдæрун гъæуй уой, æма тугъд гъазæн гъолæ нæй, фал ке æй устур зиндзийнæдтæн бафæразуни лæгæвзарæн. Æнагъон, æригон лæхъуæн тугъди медæгæ баргъон лæг, æцæг тугъдон ке исуй, е æнæнгъæлæги нæй. Тугъди медæгæ адæймаг еу кенæ къуар мæйемæ бавзаруй, сабур рæстæги дæс анземæ ке нæ бавзаруй, уой... Уомæ цæттæ ун гъæуй... Мах имæ цæттæ ан, уомæ гæсгæ ба гъæуама фæууæлахез уæн æма фæууæлахез уодзинан!..»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№23 (895) 2023 анзи 24 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман








## 22 ИЮНЬ... ХЪОНЦ КÆНУНИ ÆМА ИМИСУНИ БОН...



**Дууæ æма цуппаринсæй анзей размæ, 1941 анзи 22 июни фашистон Германи гадзирахаттæй æрбалæбурдта Советон Цæдесмæ... Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд... Дуйнетæбæл тæккæ æверхъаудæр тугъд... Немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тох фæццудæй 1418 бони æма æхсæви, цалинмæ бустæги дæрæнгонд не 'рцудæнцæ æма сæ лæгæт Берлини сæрмæ Сурх Æфсади бæгъатæртæ Уæлахези туруса не 'рсагътонцæ... Уæззаудæртæй-уæззаудæр аргъ бафедун багъудæй советон адæми, цæмæй цифуддæр знагбæл фæууæлахез адтайуонцæ. Авд æма инсæй миллионемæй фулдæр советон адæймаги бастъалдæнцæ еци тугъди...**

**Æма нин 9 Май кæд нæ Уæлахези цийни бæрæгбон æй, уæд нин 22 июнь ба æностæмæ дæр уодзæнæй хъонц кæнуни æма имисуни Бон. Алли анз дæр аци бони нæ Фидибæсти еугур рауæнти дæр арæзт æрцæунцæ номерæн мадзæлттæ. Уотæ – Цæгат Иристони дæр.**

**Æма евгъуд цуппæрæни, 22 июни бабæй нæмæ арæзт æрцудæнцæ уæхæн мадзæлттæ. Устур Фидибæстон тугъди æнзти Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард ка равардта, еци бæгъатæр тугъдонти рохс нæмттæ æримисуни туххæй мемориалмæ æрбацудæнцæ нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло, Парламенти Сæрдар Тускъати Таймораз, Хецауади Сæрдар Дзанайти Барис, министрадтæ æма ведомствити косгутæ, Парламенти депутаттæ æма æхсæнади минæвæрттæ.**

**Мæтъæл музыки зæлти хæццæ диктор радзурдта нæ Цитгин Уæлахезбæл ци æгæрон агъазиау устур аргъ бафистан, цæйбæрцæ адæм фæммард æй, æбæрæгæй фесавдæй тугъди æнзти, ци æгæрон уæззау зиндзийнæдтæ æма уæззау гъезæмæрттæ бавзурстонцæ советон адæм, еугур еци хабæртти туххæй.**

**Уой фæсте Тугъдон намуси мемориали циртдзæвæнти рæбун деденгутæ исæвардтонцæ нæ республики разамонгутæ, номерæн мадзали еугур архайгутæ дæр.**

**Неке æй иронх, неци æй иронх... Аци табуйаг загъд нæ адæм сæхецæн нимайунцæ æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ихæсбæл... Æма уотæ уодзæнæй æностæмæ...**



**ÆНÆНГЪÆЛТИ ЦАУТÆ**



### ГЪИГÆДАРДБАЙЙАФÆГ ЦÆРГУТÆН ÆВÆСТЕУАТÆЙ АГЪАЗГОНД ЦÆУДЗÆНÆЙ

Æрæги нæ республики ци карз уарунтæ æма ехуард æрцудæнцæ, етæ уæлдай хъæбæр багъигæдардтонцæ Дзæуæгигъæуи, поселоктæ Хонсайраг æма Карцай, Октябригъæуи, Восход æма Ири цæргути. Æнæнгъæлæги уавæрти фæстеугутæ райеуварс кæнуни фæдбæл республикон къамиси æмбурди нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** ведомствитæ æма муниципалитетти разамонгутæн байхæс кодта, цæмæй фидбилизи ка бахаудтæй, еци адæмæн фæййагъаз кæнуни туххæй æвæстеуатæй æма æнхæстæй арæзт æрцæуонцæ гъæугæ мадзæлттæ:

– Гъæуама бæлвурдгонд æрцæуа, ке есбонадæй цæйбæрцæ фæззæран æй æма алли бийнонтæн дæр ци финансон компенсаци радех кæнун æнгъезуй, уой. Зæгъæн, рæстæмбес нимадæй, уæхæн компенсацити бæрцæ уодзæнæй 50 минæй 100 мин сомей уæнгæ.

Уæхæн компенсацион феддонтæ адæмæн лæвæрд цæудзæнæнцæ Уæрæсей Хецауади унаффи бундорбæл.

Сергей Меняйло Дзæуæгигъæу æма Горæтгæрон райони администрацити сæргълæугутæн байхæс кодта, цæмæй исаразонцæ гъигæдардбаййафæг хæдзæртти номхигъд. Уой бундорбæл ба гъæуама бацæттæ кæнонцæ, æрдзон фидбилиз ци материалон зæрантæ æрхаста, уони бæрци туххæй лæмбунæг бæрæггæнæнтæ. Уой фæдбæл доргæй, загъта:

– Муниципалитетти разамонггутæ нуртæккæ, фиццаги-фиццагидæр, гъæуама исаразонцæ гъигæдардбаййафæг адæми реестр: хæдзари цал адæймаги цардæй, есбонадæ цæйбæрцæ гъигæдард баййафта æма уотæ идарддæр. Нæ рази гъæуама бæлвурд нимæдзтæ уа, кæци хæдзарæ цæйбæрцæ гъигæдард баййафта, уой фæдбæл.

Æ радзубандий Сергей Меняйло ведомствитæ æма муниципалитетти разамонгутæн еума хатт бафæдзахста, цæмæй фидбилизи фæстеугутæ еуварс кæнуни куститæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ уа бæрнон еудадзугон цæстдард.


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Еу зундгин лæги, дан, бафарстонцæ: «Кæмæй истай зунд?..» Æма син загъта: «Хъæрæутæй. Хъæрæу æ лæдзæгæй рагацау ке нæ исбæрæг кæна, уæхæн рауæн æ къах не 'рæвæрдзæнæй...» Тæходуйтæ, уæхæн зунд ку разиннидæ адæмти ка фæккæредзæмæ кæнунцæ, еци политиктæмæ æма рагацау ку бæлвурд кæниуонцæ сæ миути знагадæ...*



# АДÆМТÆН ФАРНÆ ХÆССУЙ СÆ КÆРÆДЗЕЙ НИМАЙУНДЗИЙНАДÆ!..

Зундгонд куд æй, утемæй Уæрæсей Президент **Владимир Путин** æрæги сахар Пятигорски ци урух æмбурд исаразта, уоми дзубанди цудæй нæ бæсти цæрæг адæмихæттити 'хсæн хæлардзийнадæ æма федуддзийнадæ федардæр кæнуни фарстатæбæл. Уоми æ радзубандий райдайæни куд фæнхнисан кодта, утемæй нуртæккæ Уæрæсей нихмæ арæзт æнцæ Нигулæн бæстити еугур тухтæ дæр:

– Нæ истори, нæ културæ, удварнон гъæздугæй-гъæздугдæр хæзнатæ ниллицъæ кæнунæй не 'нцæйунцæ, къæхти буни сæ æрæнсæндунбæл архайунцæ æвæллайгæй, уой хæццæ ба ма аразунцæ аллихузон мадзæлттæ нæ берæнацион бæсти цæрæг адæмтæн сæ кæрæдзей лæдæрундзийнади, æнсувæрдзийнади 'хсæн маргæйдзаг цорк никъкъæрун, фæккæредзæмæ сæ кæнун, се 'хсæн цæмæй буцæутæ, сауæнгæ ма гæрзефтонг нихмæлæудтитæ дæр æвзура, уой фæдбæл.

Уæрæсей Президенти гъудимæ гæсгæ, нæ бæсти нихмæ архайгутæ ин æ тæккæ æнцондæр фæццæфгæнæн бавналæнбæл нимайунцæ æ берæнациондзийнадæ, æма гъавунцæ дæсгай листæг паддзахадæгæндтитæбæл æй ниддехтæ кæнун, цæмæй уони ба уой фæсте сæ дæлбарæ искæнонцæ.

Уой фæдбæл Владимир Путин æ радзубандий сæрмагондæй куд баханхæ кодта, утемæй Уæрæсей æма æ зæнхитæбæл цæрæг адæмихæттити 'хсæн рахастдзийнæдтæ ирæзтæнцæ æма федаргонд цудæнцæ мингай æнзти дæргъи, æма паддзахадæ æхуæдæг дæр арæзт цудæй берæнацион æмзæлдзийнади хæзнати фалдзос. Уæрæсей национ берæхузæнондзийнадæ 'й айдагъдæр тухгинæйтухгиндæр. Раст гъе уой ба кенæ æцæгæй балæдæрунгъон нæ 'нцæ, кенæ ба сæ æ балæдæрун нæ фæндуй.

Не 'знæгтæй æдзæстуарзонæй нæ нихмæ архайунмæ ка гъавуй, етæ сæ фудвæндитæ, æвæдзи, ниуудзуйнаг нæ 'нцæ. Æма етæ цийфæнди дæр кæнæнтæ, мах ба гъæуама нæ бæсти цæрæг адæмихæттити 'хсæн еудзийнадæ æма æмвæндæдзийнадæ федарæй-федардæр кæнæн.

Сахар Пятигорски æмбурди хаст æрцудæй ахсгиаг унаффитæ. Æма етæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой исбæлвурд кæнуни нисанеуæгæй æрæги Цæгат Иристон бабæрæг кодтонцæ Уæрæсей Президенти Администраций æма Цæгат Кавкази Федералон зилди минæвæради бæрнон косгутæ.

Уой фæдбæл Дзæуæгигъæуи исарæзт урух æмбурди дзубанди цудæй Уæрæсей Федераций национ политики стратегий уагæвæрдтитæ æнхæст кæнуни уавæртæбæл (аци куст цæудзæнæй 2025 анзи уæнгæ).

Æмбурди архайдтонцæ профилон федералон ведомствити, Цæгат Кавкази федералон зилди хецаудзийнади оргæнти косгутæ, уæдта æхсæнадон организацити минæвæрттæ æма эксперттæ.

Уæрæсей Президенти цæгаткавказаг федералон зилди Æнхæстбаргин минæвари хуæдæййевæг **Александр Куренной** æ радзубандий куд баханхæ кодта, утемæй мæйи размæ Президент Владимир Путин сахар Пятигорски исарæзт урух æмбурди профилон федералон æма регионалон оргæнти разамонгутæн ци амунддзийнæдтæ равардта, уони æнхæст кæнуни фæткæ бæлвурддæргонд гъæуама æрцæуа. Уой фæдбæл загъта:

– Национ рахастдзийнæдти хузæнондзийнадæ уæлдай ахсгиагдæр æй Цæгат Кавкази федералон зилдæн. Национ политики фарстати фæдбæл стратегий уагæвæрдтитæ цæйбæрцæ æнтæстгиндæрæй æнхæстгонд цæуонцæ, уойбæрцæ зæрдæмæдзæугæдæр уодзæнæй федералон зилди адæми цард, æнæгъæнæ бæсти фæрнугадæ дæр.

Æмбурди архайгутæ дзуаппон докладтæ искодтонцæ, федералон зилди регионти стратегий уагæвæрдтитæбæл ци куст цæуй, уой фæдбæл. Ведомствити минæвæрттæ æма эксперттæ бæлвурд бахастонцæ нацити 'хсæн буцæутæ ма 'руадзун, экстремистон, аллихузон хилкъахæн æма адæмихæттити кæрæдземæгæнæг архайдæн аккаг нихкъуæрд дæттуни тухххæй фæндитæ.

Фембæлди æрмæгути бундорбæл нацити гъуддæгути фæдбæл Федералон агентадæ æма Уæрæсей Федераций Президенти Администраций национ политики Департамент бацæттæ кæндзæнæнцæ идарддæри архайди пълантæ.

Цæгат Иристонæй æмбурди архайдтонцæ республики Сæргълæуæгти æма Хецауади Администраций разамонæг **Гобети Ибрагим** æма профилон регионалон ведомствити минæвæрттæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ТÆРСУН НÆ ФИДТÆЛТÆМÆ ДÆР ÆГАДÆ АДТÆЙ!..

Æцæгæйдæр утæ ке адтæй, уой туххæй ба нæ адæмон исфæлдистади дæнцæн берæ таурæхътæ иссерæн ес.

Сахармæ нади еуварс бæласи буни сатæги, дан, бадтæй еу зæронд лæг. Еци рæстæг надбæл исцæйцудæй рун. Зæронд æй фæрсуй:

– Кумæ цæуис, рун? Ке къонатæ ихæлдзæнæнцæ?

– Сахармæ цæун, мин адæймаги си гъæуама рамарон!

Анзи фæсте рун æздахтæй сахарæй, æма бабæй ибæл еци рауæн еци зæронд рамбалдæй. Лæг имæ дзоруй:

– Утæ нæ загътай, мин адæймаги марунмæ цæун, зæгъгæ? Мадта уæд уони бæрцæ дæс миней уæнгæ цæмæн исхъæрттæй?

– Раст дин дзурдтон: æз си мин адæймаги рамардтон, иннетæ рамардæнцæ... сæ фуртæссæй.

Аци таурæхъ уомæ гæсгæ нæ æримистан, цæмæй уæ бустæги базæрдхъурмæ кæнæн. Гъуддаг уой медæгæ 'й, æма алли рæстæгути дæр адæм берæ цæмæйдæрти тарстæнцæ. Нури цардарæзти дæр уавæр неци фендæрхузон æй. Уомæн æвдесæн æй, дзилли цæстингас бæлвурдгæнæг Левада-центр (Уæрæсей нимад цæуй фæсарæйнаг агентбæл) æрæги ци æрфарст исараста, уой бæрæггæнæнтæ. Абони уæлдай хъæбæрдæр цæмæй тæрсетæ, зæгъгæ, уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ, уони дзуæппитæ еумæйагæй раудадæнцæ мæнæ ауæхæн.




## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»


**ГАЛАЧИТИ Темболати фурт Мурадин (1918–1994)**


**БЕТРОЗТИ Хъаурбеги фурт Алибек (1918–1995)**


**НАДГЕРИЙТИ Аслæнбеги фурт Мæхæмæт (1919–1978)**


**ОЛИСАТИ Ильяй фурт Геуæрги (1923–1986)**

**Наркотикти нихмæ тохи Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 26 июни. Нур сæдæ анзей дæргъи æнæгъæнæ дуйней дæр цæуй тох еци фидбилизи нихмæ, фал ибæл, гъулæггагæн, фæууæлахез ун ба нæма æнтæсуй.**

***Немуцаг-фашистон æрдонгтæ еци лæборæги ку лæбурдтонцæ Цæгат Кавказмæ, уæд ами цæрæг адæмти минæвæрттæ æрæмбурд æнцæ сæ антифашистон митингмæ æма еузæрдиуонæй рахастонцæ унаффæ: «Гитлерон лæгхуартæ гириз кæнунмæ æма æстъегъунмæ нæ ратдзинан нæ цæрæн. Алли фадуæттæ дæр нин ес, цæмæй Сурх Æфсади***

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**ТАУХЪАЗАХТИ
Биший фурт Дзадо
(1912–1964)**



**МАМУКЪАТИ
Дзантеги фурт
Гæстæн (1904–1977)**



**ЦОРИТИ Елмæрзай
фурт Хаджимурзæ
(1905–1944)**



**ЦОРИТИ Данели
фурт Мæхæмæт
(1925–2004)**



# МАХ ГЪУДДАГ ÆЙ РАСТ ÆМА УОДЗИНАН УÆЛАХЕЗ!

***Фашистон Германи Советон Цæдесмæ гадзирахаттæй æрбалæбурдта, зæгъгæ, уæззау хабар æнæгъæнæ бæстæбæл ку райгъустæй, уæд советон адæм æмхузонæй исистадæнцæ цифуддæр знаги нихмæ тохмæ. Уотæ Цæгат Иристони дзиллæ дæр. Тугъди райдайæни фиццаг бæнтти нæ республики еугур рауæнти дæр арæзт цудæй митингтæ, уоми адæм федарæй соми кодтонцæ, алцидæр ке бакæндзæнæнцæ нæ Фидибæсти сæребарæдзийнади сæрбæлтау. Уой фæдбæл газет «Социалистон Дигорæ» 1941 анзи 24 июни ци æрмæгутæ ниммухур кодта, уонæй еу цалдæр уин уæ зæрдæбæл æрлæууун кæндзинан.***

### «ЗНАГИ ЕУ ЦÆФÆН МАХ РАТДЗИНАН ДУУÆ-ÆРТÆ ХАТТИ УСТУРДÆР ЦÆФ!..»

***Уотæ федарæй загътонцæ Чиколай Ленини номбæл колхози фæллойнæгæнгутæ сæ еумæйаг митинги, кæцими архайдта 600 адæймагемæй фулдæр.***

Германаг фашисттæ нæмæ берæ æнзти дæргъи сæ дæндæгутæ фенсгæй, аци анз 22 июни сæумæй 4 сахаттебæл æнæниууодæнсгæ, сирдти лæбурд ке æрбакодтонцæ, æма уой фæдбæл нæ хецауадæ дзурд ке равардта нæ Сурх Æфсад æма Тугъдон-Денгизон Флотæн знаги ниппурхæ кæнун, уой фегъосгæй, æмбурди уæвгутæ устур разæнгардæй рапарахат кодтонцæ пренитæ.

Фиццаг дзурди барæ райста коммунист Дзарасти Агубекир, кæци загъта, мах ке ан æнæбасæтгæ, цийфæнди знагæн дæр, цæттæ ке ан æ нихмæ алли афони дæр федарæй истох кæнунмæ, æма ин, куд нурмæ, уотæ аци хатт дæр ке ратдзинан сæрсæттæн цæф.

Коммунист Тускъати Хасан дæр загъта, советон адæми къæрцгъосдзийнадæ бæрзонд ке æй, советон адæм ке ратдзæнæнцæ знаги еу цæфæн дууæ-æртæ хатти устурдæр цæф.

– Æз, – загъта кæронбæттæни Тускъай-фурт, – 1921 анзи игурд, тæккæ абони дæр цæттæ дæн нæ парти æма хецауади фæдздзурдæй тохæнгæрзтæ райсунмæ æма раззæгти хæццæ знаги нихмæ тохмæ цæунмæ.

Хъанухъти Габола федарæй загъта, нæ еугур хъауритæ дæр ке ратдзинан нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау, не ’дасдзийнадæ багъæуай кæнунмæ, парти æма хецауади фиццаг фæдздзурдмæ æд æригон, æд зæронд ке райсдзинан тохæнгæрзтæ æма ке тох кæндзинан нæ тоги фæстаг æртæхи уæнгæ.

Цæгат Иристони Сæйраг Совети депутат Абисалти Ехъуб æ радзубандий куд загъта, уотемæй фашистон цъамартæн нæ агъазиаудæр дзуапп уодзæнæй не ’хсæн никки федардæр кустадон æгъдау ниввæрун æма цубурдæр æмгъудмæ, æнæ еу нæмуг фæцъцъæхуæл кæнгæй, нæ хуартæ бафснайун.

Гарданти Гæбæлиндзæ загъта:

– Мах бæстæ, нæ парти æма хецауадæ еудадзугдæр лæуунцæ сабурдзийнади фарс. Цитгин Ленини дзурдтæ: «Тугъд дæ ку нæ фæндæуа, уæд имæ уо цæттæ», зæгъгæ, зæрдæбæл даргæй, мах еудадзугдæр федар кæнæн нæ бæсти æдасдзийнадæ, ан цæттæ цийфæнди знаги нихмæ дæр тохмæ!

Митинги архайгутæ æмзæрдæй исгъæлæс кодтонцæ сæ еумæйаг унаффæбæл, кæцими загъд адтæй: «Мах, Ленини номбæл колхози колхозонтæ, базонгæй уой, æма Германий фашистон куйтæ ке æрбалæбурдтонцæ тогцъух сирдау нæ социалистон Фидибæстæмæ, кæци æй еугур дуйнебæл сабурдзийнади, фæллойнади æма адæмти лимæндзийнади цæгиндзæ, еугурæйдæр устур гъæугæ æма аккагбæл нимайæн советон хецауади фæдздзурд нæ Цæдеси фæллойнæгæнгутæмæ фашистон цъамартæн сæрсæттæн цæф никкæнуни туххæй, æма нæ æнæбасæтгæ Сурх Æфсад æма Тугъдон-Денгизон Флоти Германий арæнбæл бацæуни приказ еци тухгæнгути фесафуни туххæй.

Фашистон куйти æнаккаг æрбалæбурдæн мах еугурæйдæр дзуапп дæттæн æма дæтдзинан нæ Коммунистон партий æма хецауади алфамбулай никкидæр æрбатумугъ унæй, уой унæффтæ царди уадзунæй.

Мах, куд некæд уотæ, исесдзинан бæрзонд нæ къæрцгъосдзийнадæ æма уарзондзийнадæ нæ бæстæмæ. Нæ кустадон æгъдау æма æнтæстдзийнадæ фæттухгиндæр æма фæффулдæр кæндзинан. Æфсергун хуартæ æфснайд æрцæудзæнæнцæ цубур æмгъудмæ, æнæцъæхуæлæй. Цубур рæстæгмæ лæвæрд æрцæудзæнæнцæ еугур паддзахадон ихæстæ æхцайæй, хуæлцæй æма æртиккаг Фондзанзони (4-аг анзи рауагъд) æфстау...»

### «НÆ ÆНОВУД ФÆЛЛОЙНÆЙ АГЪАЗ КÆНДЗИНАН НÆ БÆГЪАТÆР ТУГЪДОНТÆН!..»

***Уæхæн унаффæ рахастонцæ колхоз «Большевик»-и фæллойнæгæнгутæ сæ еумæйаг æмбурди.***

«Большевик»-и колхози митинг байгон æй 7 сахаттебæл изæрæй 22 июни.

Митинги доклад искодта колхози партион организаций секретарь Будайти Алийхан, кæци загъта, зæгъгæ, 22 июни сæумæй 4 сахаттебæл æрбалæбурдтонцæ нæ Цæдесмæ цъамар, адæмхуар фашисттæ сæ хуæдтæхгутæй, фехалдтонцæ нæ астæу ци сабурдзийнади пакт адтæй, уой. Мах алли мадзалæй дæр архайдтан, цæмæй нæ бæстæ, нæ фæллойнæгæнгутæ тугъдæй, куд æнгъизтæй, уотæ, еуварсдæр адтайуонцæ, уомæ гæсгæ нæ лимæндзийнадæ алке хæццæ дæр федар кодтан, фал фашистон куйтæ еци устур рæстдзийнадæмæ не ’ркæсгæй, архайунцæ, цæмæй фулдæр тог никкæла зæнхæбæл, æма нæ æнæкæрон Советон Цæдеси еугур фæллойнæгæнгутæ æмхузонæй дзуапп дæттунцæ сæ митингти, зæгъгæ, еци цъамардзийнадæ аразгутæ æрцæудзæнæнцæ пурхæгонд. Будай-фурт дзурдта еугур колхозонтæмæ дæр, цæмæй сæ кустадон нормити уæлахезонæй æнхæст кæнунмæ сæ еугур хъауритæ дæр исаразонцæ, цæмæй цидæр афони багъæуа, уæн цæттæ алли æгъдауæй дæр.

Докладгæнæги фæсте раддзурдтонцæ устур разæнгардæй Тахойти Ибрагим, Тохъайти Морат, Цæрикъати Иса æма æндæртæ.

Етæ æрдзурдтонцæ еугур еци æнæниууодæнсгæ миутæбæл æма уонæн аккаг дзуапп раттуни туххæй.

Митинги архайгутæ еузæрдиуонæй ци унаффæ рахастонцæ, уоми баханхæ кодтонцæ уой дæр, æма æртиккаг Фондзанзони (4-аг рауагъд) æфстау æма иннæ еугур паддзахадон ихæстæ, куд æхцайæй, уотæ хуæлцæй дæр, колхозонтæ бафеддзæнæнцæ 1 июльмæ.

### «НÆ СУРХ ÆФСАДÆН УСТУР АГЪАЗ КÆНУН УОДЗÆНÆЙ ЗНАГÆН ТÆККÆ КАРЗДÆР ЦÆФ!..»

***Уæхæн нифси хæццæ разæнгардæй хъиамæт кæнунæй зæрдæ байвардтонцæ Будури Дæргъæвси колхози фæллойнæгæнгутæ.***

22 июни изæрæй 6 сахаттебæл байгон æй митинг, кæцими адтæй 353 адæймаги.

Доклад искодта Фидарати Максим – райкоми бæрнон косæг, – кæци лæмбунæгæй балæдæрун кодта колхозонтæн Советон Цæдес æма Германийæн ци лимæндзийнадæ æма базайради федуддзийнадæ адтæй се ’хсæн, уой фæстаг ке фехалдта, æма æрра куййи лæбурд ке æрбакодта нæ бæстæмæ. Фидари-фурт лæмбунæг æрлæудтæй еци æнæниууодæнсгæ миути туххæй нæ советон паддзахадæ ци унаффæ рахаста, уобæл, кæцими дзурд ес еугур фæллойнæгæнгутæмæ дæр, цæмæй еугур тухтæ дæр лæвæрд æрцæуонцæ нæ æнæбасæтгæ Сурх Æфсад æма Тугъдон-Денгизон Флотæн, уæд е ратдзæнæй Германий фашисттæн цубурдæр рæстæгмæ нихкъуæрд раттуни фадуат. Еци устур историон гъуддаг нæ еугурей размæ дæр æвæруй куд некæд, уотæ устур ихæстæ еугур гъæууонхæдзарадон кустити.

***хæццæ усхъæй-усхъæмæ цæугæй, еугур Советон адæмти хæццæ еумæ нæ зæнхæ искæдзос кæнæн гитлерон куйтæй. Нæ рæнгъити гъæуама ма уа цуæнгмæрдтæ æма тæрсагитæ. Уадзæ æма цъæх арти хузæн содза не 'нæуинондзийнадæ цифуддæр знæгтæмæ – гитлерон æлгъист лæборгутæмæ! Еугурæйдæр фашистон абæргути нихмæ тохмæ!..»***



Доклади фæдбæл пренити æрдзоргутæ – Цъæхилти Мæрзахъул, Сугъарати Кермен, Хъибизти Геуæрги, Дзуццати Созрухъо, Хъудаккати Дзитт æма æндæртæ æрлæудтæнцæ парти æма хецауади фæдздзурд нæ еугур фæллойнæгæнгутæмæ германаг фашистти ниппурхæ кæнуни туххæй. Етæ дзурдтонцæ, партибæл куд æновуд æнцæ, цæттæ ке 'нцæ цийфæнди знаги нихмæ дæр æд тохæнгæрзтæ фестун, куд нæ Цæдеси еугур фæллойнæгæнгутæ.

Митинг æнæмæнгæ банхæст кæнунбæл банимадта хæстæг рæстæгмæ паддзахадон æфстауи æхца бафедун, раттун еугур паддзахадон ихæстæ дæр. Е устур гъуддаг æй нæ Сурх Æфсад æма Тугъдон-Денгизон Флоти тухтæ никкидæр ниффедар кæнунæн. Гъæуама тиллæги куст æрцæуа куд некæд, уотæ цубур рæстæгмæ æма æфснайд дæр æнæцъæхуæлæй, е удзæнæй нæ Сурх Æфсадæн устур агъаз, е удзæнæй знагæн устур цæф.

## «САУÆНГÆ НÆ УОДТÆ ДÆР НÆ БАВГЪАУ КÆНДЗИНАН УÆЛАХЕЗИ СÆРБÆЛТАУ!..»

***Уæхæн нифси хæццæ си алкедæр æ косæн бунати ке архайдзæнæй нæ Фидибæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни сæрбæлтау, уой туххæй сæ фæндæ федарæй загътонцæ Секери «Сурх-Дигори» колхози фæллойнæгæнгутæ.***

22 июни изæрæй æхсæз сахаттебæл Секери колхози колхозонтæн адтæй митинг, архайдтонцæ си 400 адæймагей бæрцæ.

Æмбурди доклад искодта колхози партион организаций секретарь Биазæрти Иван. Е æмбурди архайгутæн лæмбунæг балæдæрун кодта Советон Цæдеси æма Германий æхсæн ци лимæндзийнади бадзурд адтæй, уой Германий паддзахади разамунд гадзирахаттæй ке фехалдта æма цъамар фашисттæ нæ сабур цæрæг Советон бæстæмæ æверхъауæй ке 'рбалæбурдтонцæ 22 июни сæумæй 4 сахаттебæл, уой. Æма знаг пурхгонд æрцæуа, уой туххæй ба Сурх Æфсад æма Сурх-Денгизон Флотæн багъæудзæнæй еугур Советон бæсти фæллойнæгæнгути агъаз сæ хъазауатон куст, сæ ихæстæ æнтæстгинæй æнхæст кæнунæй.

Доклади фæдбæл устур разæнгардæй æрдзурдтонцæ колхозонтæй Бурнæцти Муса, Надгерийти Базо æма Петя, Сакъити Сандир æма æндæртæ.

Етæ федарæй загътонцæ, Советон хецауадæ ци унаффæ рахаста германаг цъамар, æдзæсгон фашистти ниппурхæ кæнуни фæдбæл, е æй хъæбæр раст, æма уой исæнхæст кæнуни фæдбæл мах нæ хъиамæт, нæ мулк, ку багъæуа, уæдта нæ уодтæ дæр ке ратдзинан нæ бæсти сæребари сæрбæлтау.

## «НÆ БÆСТИ СÆРЕБАРÆ ЦАРД БАГЪÆУАЙ КÆНУНИ ТУХХÆЙ ЦИДÆРИДДÆР ГЪÆУЙ, УОЙ ИСАРАЗУНМÆ ЦÆТТÆ АН!..»

***Уæхæн унаффæ рахæсгæй, Сурх-Дигори цæрæг дзиллæ исфæндæ кодтонцæ, алкедæр си никки хъазауатондæрæй ке косдзæнæй, алцæмæйдæр фронтæн агъаз кæнунбæл ке архайдзæнæй.***

Изæрæй аст сахаттебæл еугур колхозонтæ дæр æрцудæнцæ кустæй. Байгон æй митинг, кæцими архайдта 200 адæймагей бæрцæ. Докладгæнæг Дзилихти Александр цубур æма бæлвурдæй балæдæрун кодта, Германий фашисттæ нæ Фидибæстæмæ гадзирахаттæй ке æрбалæбурдтонцæ, уой. Базонгæ сæ кодта, цæмæй еци куйтæн аккаг нихкъуæрд лæвæрд æрцæуа, цæмæй нæ бæстæ æ фæндон цард багъæуай кæна алли 'гъдауæй дæр, уой фæдбæл Советон хецауади фæдздзурди хæццæ.

Докладмæ байгъосгæй, колхозонтæй радзурдтонцæ Бузойти Тъох, Хъойбайти Гацир, Биазæрти Михал, Перисати Къацо, Гадати Гæлæу æма æндæртæ, кæцитæ федар зæгъунцæ, мах тухгинæй ке байамондзинан еци адæми знæгтæн, тохгæ куд фæууй, уой, зæгъгæ, нæ еугур тухтæ дæр ратдзинан не 'нæбасæтгæ Сурх Æфсад æма Тугъдон-Денгизон Флоти федардæр кæнунæн. Еугур колхозонтæ дæр устур аразийæй райстонцæ Советон хецауади фæдздзурд.

Райгъустæнцæ идардæй: «Æгас цæуæд нæ Советон бæстæ!», «Æгас цæуæд нæ Сурх Æфсад æма Цитгин Сталин!»

## АДÆМИ ТУХÆ АДÆМИ УОДИГЪÆДÆЙ ЦÆУЙ!..

Аци æма æндæр ауæхæн хабæртти туххæй раздæр дæр ма финстан нæ газети. Нæуæгæй ба сæ уомæ гæсгæ имисæн, æма куд Устур Фидибæстон тугъди рæстæги, уотæ нæ адæми бабæй абони багъудæй уоди федардзийнадæ, Райгурæн бæсти еудзийнадæ æма æмархайди лæгдзийнадæ бавдесун. Æнæгъæнæ дуйне дæр сæ дæлбарæ бакæнунмæ ка гъавуй, уæхæн цалдæр паддзахади бабæй а зæнхæбæл царди сабурдзийнадæ æзмæнтунцæ аллихузон фудракæндтитæй, сæ фæндити сæйрагдæр знаггадæ ба арæзт æй Уæрæсей нихмæ. Æма син аккаг нихкъуæрд раттуни нисанеуæгæй мах бæсти 'рдигæй Украини арæзт æрцудæй сæрмагонд æфсæддон операци. Æнæ уотæ гæнæн нин нæбал адтæй, æма уой не 'знаггадæгæнгутæ дæр кæд лæдæрунцæ, уæддæр архайунцæ Уæрæсе фæффудгин кæнунбæл. Архайунцæ уобæл дæр, æма еци мадзали нихмæ нæ дзилли дæр исаразун. Фал сæ еци фудвæндæй неци рауадæй. Гъо, кедæрти къес-къостæ райгъустæнцæ, фал етæ æгириддæр нимади нæ 'нцæ – нæ дзиллæ сæ рæстуодæй лæдæрунцæ: абони бабæй нæбæл лæгæвзарæни рæстæг ке искодта, æма æ Фидибæстæ рæстзæрдæй ка уарзуй, етæ гъæуама цидæриддæр гъæуй, уомæй архайонцæ æ сæрбæлтау. Æма нæ фæсевæди сæрæндæртæ абони хъазауатонæй архайунцæ сæрмагонд æфсæддон операций, сæ уæззау хъазауатон гъуддаги ба син æновудæй агъаз кæнуй нæ бæсти дзиллæ æнæгъæнæй дæр.

Уой туххæй берæ хабæрттæ еудадзуг игъосун кæнунцæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ. Цалдæрей кой уин ракæндзинан мах дæр.

Донецки Адæмон Республики фиццаг æфсæддон корпус, 58-аг æфсад, Æфсæддон-уæлдæфон тухти æма Уæлдæфон тухти нихмæ гъæуайкæнуйнади 4-аг æфсади, Уæлдæфон-десантон æфсади службæгæнгутæн фонд «Наша правда» æма парти «Еугонд Уæрæсе» апърелæй фæстæмæ фæййагъаз кодтонцæ – барвистонцæ син квадрокоптертæ, дронти нихмæ арæзт комплекстæ, хуæдтолгитæ гъæугæ цалцæггæнæн комплексти хæццæ, автомобилон радиостанцитæ, æфсæддон уæледарæс, æхсæви уинæн прибортæ æма берæ æндæр гъæугæ дзаумæуттæ.

Фонд «Наша правда»-йи генералон директор Александр Бровченко сæрмагонд æфсæддон операций тугъдонтæн гъæугæ фæрæзнитæ æма техникæ барвистонцæ 500 миллион сомей аргъ.

Парти «Еугонд Уæрæсе»-й Центрон æнхæсткоми разамонæг Александр Сидякин ба ма фегъосун кодта, уотемæй сæрмагонд æфсæддон операций райдайæнæй фæстæмæ «Еугонд Уæрæсе» фронтæн агъазæн æмбурдгонд æрцудæй 7 миллиард сомемæй фулдæр.

– Сæрмагонд æфсæддон операций нæ фæсевæдæй ка архайуй, уонæн нæ партион актив еудадзуг кæнуй гуманитарон агъаз, – загъта парти «Еугонд Уæрæсе»-й регионалон хайади раздзæуæг, нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло. – Бахъæртун сæмæ кæнунцæ сæрмагонд техникæ, хуаллаги продукттæ, медикаменттæ, уæледарæс. Зумæги рæстæг партий регионалон хайадæ исаразта акци «Бæгъатæртæн – гъар уавæртæ». Æлхæд æрцудæй цъоппин халæ, республики силгоймæгтæ ба си сæхе къохтæй искодтонцæ цъоппин цъиндатæ æма гъар уæледарæс. Еугурæйдæр æрвист æрцудæнцæ тугъдонтæн. Фæндуй мæ райарфæ кæнун Иристони цæргутæн, етæ сæхе нæ еуварс кæнунцæ, агъаз кæнунцæ сæ тугъдон ихæстæ æнхæстгæнæг фæсевæдæн… Уонæн ба аци рæстæг уæхæн агъаз хъæбæр ахсгиаг æй…

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн загъд: «Адæми тухæ адæми уодигъæдæй цæуй!..» Æма е раст æй – недзамантæй райдайæ æма нуриуæнгæ нæ адæм цийфæнди зин æма гъезæмайраг уавæртæй дæр тухгиндæр разинниуонцæ, уомæн æма тухгин уиуонцæ сæ уодигъæди федардзийнадæй. Уотæ адтæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæги дæр, федарæй ку загътонцæ: «Мах гъуддаг раст æй, знаг дæрæнгонд æрцæудзæнæй æма мах фæууæлахез удзинан!..» Æма æцæгæйдæр уотæ рауадæй – дуйней еугур адæмти цифуддæр знаг – германаг фашизм – дæрæнгонд æрцудæй… Уотæ уодзæнæй нур дæр – Уæрæсей нихмæ фудракæндтитæ ка аразуй, еци знæгтæ дæрæнгонд æрцæудзæнæнцæ æма бабæй мах Фидибæстæ уодзæнæй уæлахезон!..

***КЪАРТИ:** Куд Цæгат Иристони еугур дзиллæ, уотæ Лескени цæргутæ дæр сæ агъазæй фæххайгин кодтонцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгути æма Донбасси цæргути.*

*Цæгат Иристон сæрди мæйти исиуазæг кодта, Украини сæрмагонд æфсæддон операци кæми цæуй, еци рауæнти цæрæг сабийти. Æрæги ба нæмæ 'рбацудæнцæ Белгороди облæстæй дæр сабийти къуар сæ фæллад уадзунмæ.*





## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**САБЕТИ Петри фурт Александр (1923–1944)**



**СОЗАЙТИ Урусхани фурт Бига (1910–1988)**



**ИКЪАТИ Хаджи-Умари фурт Мурзæ (1890–1978)**



**НАЙФОНТИ Басиати фурт Кермен (1911–1942)**

*Хун ЦЗЫЧЕН, рагон китайаг философ: «Кадæмæ, гъæздугдзийнадæмæ æма хецауи бунатмæ тундзунæй дæхе ку иссæребарæ кæнай, гъеуæд дин бантæсдзæнæй царди æведауцæ, илгъаг миутæй фæйиервæзун. Царди дæбæл ихæс ке ес хуæрзгæнæг æма адæмуарзон унæй, уобæл ку нæбал гъуди кæнай, гъеуæд æрлæудзæнæ зунди надбæл...»*

## «ӔНӔМӔЛГӔ ПОЛК»



**ХАЙМАНТИ Уруси фурт Сергей (1905–1942)**



**ХАЙМАНТИ Уруси фурт Саих (1910–1943)**



**ХАЙМАНТИ Уруси фурт Дрис (1895–1949)**



**ГОБЕТИ Афайи фурт Агубе (1917–1941)**



**ДЗАГОЙТИ Генардухъ æма Марицкæ (Катаути Бицой кизгæ) сæ кæстæрти хæццæ. Сæ фарсмæ бадунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Лерик æма Костик. Дуккаг рæнгъи ба (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) лæуунцæ Матвей, Кларæ, Валя æма Максим.**

### ӔНОВУД РАЗВÆНДАГАМОНÆГ НИН АДТÆНЦÆ НÆ НИЙИЕРГУТÆ ÆМА СÆ

# ЗÆРДИРАЙÆЙ ИМИСÆН...

Нæ абони цардиуагæй хъæбæр райдард æй, еци евгъуд рæстæгути, цæргæ кæмæн нæ рауадæй, уонæн уæди хабæрттæ æма цаутæ уоййасæбæл дессаг кæми уодзæнæнцæ. Е лæдæрд æй – сæ зиндзийнæдтæ дæр æма цийнæдзийнæдтæ дæр син сæхебæл нæ бавзурстонцæ, уомæ гæсгæ ба син ахедгæ куд уонцæ… Фал æхе карни хай кæмæн иссæнцæ, уонæн ба цийфæнди тухст æма нæхъæртондзийнæдтæй цъоппидзаг адтæнцæ, уæддæр зæрдтагон æнцæ…

Нури æригон фæлтæртæ ба гъæуама сæрустур уонцæ еци рæстæгути цæрæг æма архайæг дзиллæй – етæ еугур фудæвзарæнтæн дæр ниффæразгæй, разиндтæнцæ дессаги хъаурæгин уодигъæдæй, сæхе карнæ дæр разæнгардæй аразтонцæ æма Фидибæсти сæрбæлтау дæр арфиаг гъуддæгутæй æскъуæлхтæнцæ. Сæйрагдæр ба – сæ цæуæт гъомбæл кодтонцæ кустуарзонæй, рæстуодгинæй…

Еци менеуæг уæлдай бæлвурдæй рабæрæг æй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг. Хестæрæй-кæстæрæй, сауæнгæ ма силгоймæгтæ дæр фæдесонæй нæхстæр кодтонцæ немуцаг-фашистон цъамар æрбалæборгути нихмæ тохмæ. Уой нимайгæй, бæргæ хуарз уидæ Уæрæсей нæмæ федаргонд ку 'рцæуидæ «Тугъдон намуси бийнонтæ», зæгъгæ, кадгин ном дæр.

Æма уæхæн бийнонтæ цæйбæрцæ æма цæйбæрцæ разиндзæнæй нæ Иристони!.. Нимайгæй сæ нимад дæр нæ фæуыуодзæнæ!.. Фал сæ зонгæ ба уæддæр гъæуама кæнæн, цæмæй фæнзуйнаг уонцæ, уæлдайдæр ба нæ фæсевæдæн. Гъе уомæ гæсгæ аразийæй мухур кæнæн, **Бæлæути-Дзагойти Сарæ Генардухъи кизгæ** нæмæ ци æрмæг æрбарвиста æ нийиергути, æ хеуæнтти туххæй, уой. Æ дзубанди ба райдæдта евгъуд æноси 20-30-аг æнзти, советон цардарæзт Иристони федар кæнун ку райдæдта, еци рæстæгути имисуйнæгтæй.

### ÆМВÆНДÆ ÆМА РАЗÆНГАРД АДÆМÆН ЦИ БА НÆ БАНТÆСДЗÆНÆЙ!..

Фæндуй мæ ракæнун мæ фидæ Дзагойти Гуймани фурт Генардухъ æма мæ мадæ Катаути Бицой кизгæ Марицки цардвæндаги хабæрттæ, етæ цитæ бавзурстонцæ сæ карни бæнтти, уони туххæй радзорун.

Дигоргоми хуæнхон гъæути цæрæг адæмæн сæ уавæртæ унгæгæй-унгæгдæр ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ ба куд нæ фæппайда кодтайуонцæ, советон цардарæзт æ хъаури цæун ку байдæдта, уæд син будуйрон рауæнтæмæ раледзуни равгæ ку фæцæй, уæд уомæй. Æма 1929 анзи си сæ еу хай сæхе райвазтонцæ будури гъæутæмæ. Уотæ мах бийнонтæ дæр. Нæхецæн нæуæг цæрæн рауæнæн ба равзурстан, уæд хуæрзæрæги ка фæззиндтæй, еци Сурх-Дигори гъæу.

Нæхъæртондзийнæдтæй æ тæккæ идзаг адтæй раледзæг адæмæн сæ будуйрон цардиуаги райдайæн. Фал уæддæр æрледзæг адæмæн сæ уæгæ, куд фæззæгъунцæ, нæ мардæй. Генардухъ разæнгардæй архайдта бунæттон колхоз æ къæхтæбæл ислæууун кæнуни гъуддаги, æвæллайгæй, дусвæлдæхтæй, æ астæутæ сæумæй изæрмæ раст дæр некæд искæнидæ, уотемæй мадзæлттæ кодта æ бийнонтæ фæддарунæн. Хæдзарæ гъудæй аразун, дзаумау си æрæвæрун, косæнгæрзтæ, мадта фонсдарæн бунæттæ дæр куд нæ гъудæй аразун.

Уæдмæ аразун байдæдтонцæ колхозтæ. Еци нæуæгдзийнадæ адæмæн уоййасæбæл æнахурдзийнадæ адтæй, æма имæ сæ нифс æнхæст нæ хастонцæ, расагъæс-басагъæстæ, равзарæбавзаритæ кодтонцæ. Куд фæстæдæр, уотæ фæрразæнгарддæр æнцæ, æмзунд-æмвæндæй архайун байдæдтонцæ еци нæуæгдзийнади гъуддæгути. Æрæги Сурх-Дигори туххæй ци агъазиау киунугæ уагъд æрцудæй, уоми кæнунцæ мæнæ ауæхæн цауи кой.

Цæветтонгæ, уалдзигон куститæ райдайуни размæ нæуæгарæзт колхози разамунд устур сагъæсти бафтудæнцæ: куд æнтæстгиндæрæй исæнхæст кæнонцæ тауни гъуддæгутæ. Æма сæ правлений æмбурди уобæл куд дзубанди кодтонцæ, уотемæй сæмæ фæззиндтæй Цакъоти Слангерий – гъæуи курдон, адтæй имæ дессаги курдбадзæ. Æмбурд кæми адтæй, еци уати бадгути бафарста:

– Уотид дзубандитæй ка кæд циуавæр будур бахумæ кодта?

Слангерий цæйбæрцæбæл арæхстгин, фæллойнæгæнæг, ацъагъуæгин адæймаг æй, уой куд нæ зудтонцæ, уомæ гæсгæ ба бадес кодтонцæ, аци лæг сæмæ гъæуи еу кæронæй иннемæ хумæтæги нæ фæззиндтæй. Æма е дæр æнæ уæлдай радзорæ-бадзорæй син загъта:

– Зонетæ 'й, мæ бийнонтæ æз мæ курдбадзи фæрци дарун. Абони ба, куд æй балæдæрдтæн, уотемæй еугурæйдæр багъудæй нæ колхози. Æма си пайда кæнетæ. Готæнттæ æма похцитæ кæми цалцæг кæнуйнаг айтæ? Мадта гъе уотæ бакæнæн, æма тæккæ сæумæ мæн курдбадзи сæ цалцæг кæнун байдайæн. Æз мæхуæдæг дæр цæмæдæрти ма арæхсун…»

Гъе уотемæй ирæзтæй æма æ хъаури цудæй сурхдигойраг еумæйаг хæдзарадæ. Уæдмæ ба «бонгиндæр» кæнун байдæдта ализон гъæууонхæдзарадон техникæй дæр, фиццагидæр – трактортæй. Æма багъудæй, уонæбæл косунмæ ка исарæхстайдæ, уæхæн адæймæгутæ. Раст зæгъгæй, трактористи дæсниадæбæл исахур кæнунмæ ке байагориуонцæ, еци фæсевæдæй беретæ сæ нифс нæ хастонцæ – нæ исарæхсдзинан, кенæ ба сæ æндæр цидæр хъор кодта… Фал аци гъуддаг дæр рæхги фæррæстмæ 'й. Хестæрти унаффæмæ байгъосгæй, трактористтæ иссæнцæ Гауисти Æндрей, Къалати Семен, Хайманти Хадзимæт, Гæбути Гобе…

Уæдмæ ба ма трактористтæ иссæнцæ нæ фидæ Дзагойти Генардухъ æма ма гъæуи берæ æндæр лæхъуæнтæ.

Уæдта айдагъ етæ нæ – трактористи дæсниадæбæл исахур кодтонцæ сурхдигойраг кизгуттæ дæр – Секъинати Уарзетæ æма Насиран, Тъурити Гæмисæ, Перисати Мæдинæ, Зурати Маня, Чихтисти Зæлда, Хæмицати Навескæ, Уæзæгти Веричкæ, Хъамболти Гуассæ æма ма берæ æндæртæ.

Еузагъдæй, гъæубæсти цард зæрдæмæдзæугæдæр кодта. Аци цæрæг адæм нифсгунæй-нифсгундæр кодтонцæ сæ разæнгарддзийнадæй, сæ исонибон фæрнæйдзагдæр ке уодзæнæй, е си федарæй æруагæс кодта. Æма, æвæдзи, уогæ дæр уотæ адтайдæ... Фал... Сæ царди нæуæг уагæ æнхæстдæр нæма æрфедар æй, уотемæй ба зæнхæ æмрезæги нирризтæй: райдæдта Устур Фидибæстон тугъд.

Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнунмæ цудæнцæ, æ къохтæй тохæнгарз уорамунгъон кадæр адтæй, етæ еугурæй дæр. Гъе уотемæй ранæхстæр æй арти цæхæрмæ Дзагойти Генардухъ дæр, æ хæдзари æ зæронд мадæ æма æртæ æнагъон сабийи ниуудзгæй.

Æ зæрдæ федарæй дардта æ цардæмбалбæл, æ бийнонтæ фæккеун ке нæ бауадздзæнæй, уобæл. Фæстæдæр Марицкæн лæвæрд æрцудæй «Мадтæлдзийнади» фиццаг къæпхæни майдан.

### ЕЦИ ФУДÆВЗАРÆН РÆСТÆГИ БЕРÆ ЗИНТÆН НИФФÆРАЗТАН

Тугъдмæ ку нæхстæр кодта Генардухъ, уæд ма æ фондзанздзуд биццеу Лерикмæ бацудæй, æ гъæбесмæ 'й исиста æма ин фæдзæхсæгау загъта:

– Мæ фæсте дæ хæдзари хестæрæн уадзун...

Гъæуи ма байзадæнцæ айдагъдæр æнæхъаурæ хестæртæ æма силгоймæгтæ се 'нагъон сабийти хæццæ. Лерик æхемæ райста бийнонти гъуддæгутæ, хестæр гъæддзаути хæццæ цудæй гъæдæмæ сог ласунмæ, уæдтæ æндæр кустити дæр се 'мбæрцæ.

Немуцаг æрбалæборгутæ нæ гъæумæ ку 'рбайервазтæнцæ, уæд си мах хæдзари дæр кадæртæ æрфусунуат кодтонцæ. Мах ба уæрмæмæ ниххизтан... Гъуди ма 'й кæнун, уæд нæ фуртухстæй нин хæдзари райзадæй, уой размæ дзол кæнунæн ке æрцæттæ кодтан, еци къинсæ. Нана бæргæ лигъстæ кодта Марицкæн, цæмæй æй нихъхъуæтти уадза, фал имæ е нæ байгъуста æма 'й уæрмæмæ æрмедæг кодта.

**Уæрæсей фæсевæди Бон бæрæггонд цæудзæнæй 27 июни. Советон доги хундтæй советон фæсевæди Бон æма хъæбæр цитгинæй бæрæггонд цудæй. Нур ба...**

Нæ фидæн тугъди æ сæйраг æфсæддон гъуддаг адтæй бастдзийнадæ дарун. Æнцон нæ адтæй телефони телтæ кæрæдзебæл бæттун, дæ алфамбулай дзармадзанти фæттæ æма бомбитæ ку ихæлонцæ уæд, фал цийфæндийæй дæр бастдзийнадæ дарун гъудæй æма бурдæй еу хъан телигъæдæй иннемæ. Еу уæхæн тохгæ бони æ рахес къох фæццæф æй æма фати æсхъиуццаг æ цонги байзадæй цæрæнбонтæмæ.

Уоми ци лæгæхсарæ равдиста, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй майдан «Æскъуæлхтдзийнади туххæй».

### ТУГЪДИ ТЪУФУЛИ ДÆР ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ДÆР – ХЪÆЗАУАТОН

Æнцон нæ адтæй æригон тугъдонтæн тугъди, æгæрмæгур ма тохæндзаумауи хæццæ рæстмæ архайун дæр нæ зудтонцæ, уæдта 'й уомæй размæ уингæ дæр кæми гъæуама фæккодтайонцæ. Фал æзнагмæ ци æнæуинон цæстингас дардтонцæ, уой фæрци хатгай равдесиуонцæ, баууæндæн дæр зинтæй кæбæл уидæ, уæхæн бæгъатæрдзийнадæ.

Тугъди будури Генардухъи райстонцæ Коммунистон партий рæнгъитæмæ æма си цæрæнбонти сæрустур адтæй еци гъудагæй. Æ кæронмæ дæр, æ хузæ ци партион билети цъарæ исæйийвта, уой æ дзиппи фæддардта, коммунисти кæдзос ном некæд фегадæгæнгæй, уомæн æма 'й зудта, тугъди рæстæг партий рæнгъитæмæ истонцæ тæккæ хуæздæрти æма бæгъатæрти, тæккæ раззагдæр æма æуууæнкгундæрти.

О, мæ зæрдтагон Иристон! Цал æма цал бæгъатæри исгъомбæл æй дæ реубæл, цæйбæрцæбæл агъазиау тугъдон æскъуæлхтдзийнадæ равдистонцæ, нæ райгурæн зæнхæ цъамар знаги æверхъаудзийнæдти пеллонæй ку сугъдæй, уæд!.. Æма уони хæццæ адтæй мæ фидæ Дзагойти Гуймæни фурт Генардухъ дæр. Уой æма уой хузæн тугъдон хъæзауатонти фæрци ралæудтæй Уæлахези бон! Æма сæ райгурæн гъæутæмæ, сæ уарзон бийнонтæмæ еугай-дугайæй æздæхун райдæдтонцæ нæ намусгин тугъдонтæ, беретæбæл си тугъд цæргæ-цæрæнбонтæмæ ниууагъта æ уæззау «бæрæггæнæнтæ» – кæбæл си къох, кæбæл къах нæбал адтæй, кæмæн æ бауæр еугур ностæ, уотемæйти, фал уæддæр сæрæгасæй. Æрæздахтæй æ хæдзарæмæ нæ фидæ дæр нæ устур цийнæн. Райдæдта бабæй нæ сабур цард.

Фал нæхъæртондзийнадæ алкæддæр нæ разæй цудæй. Гъудæй нæ еумæйаг хæдзарадæ фæстæмæ æ къæхтæбæл ислæууун кæнун, хумæ кæнун, таун. Фæстугъд ба уазал æма æстонг æнзтæ. Гъудæй бийнонтæ дарун, кæстæртæ гъомбæл кæнун, мадтæлтæ æма силгоймæгти уомæл цæститæ ниссор кæнун. Рæстæг нæ адтæй цæнгтæ æруадзунæн, евгъуди мæгурбæнттæ имисунæн.

Æма бабæй Генардухъ нæуæгæй тракторбæл рабадтæй. Еци рæстæгути хъæбæр тæссаг адтæй трактортæбæл косун, уомæн æма сæдæгай минитæ байзадæй будурти æнæихæлдæй æма сæбæл готони фий ку рандзæвидæ, уæд фехæлиуонцæ æма – дæ балгъетæг уотæ… Еу æма дууæ трактористи нæ фæммард æй фæстугъд уотемæй. Фал тугъди уойбæрцæ зинтæ ка фæууидта, еци æхсист лæгтæ цæмæй гъæуама фæттарстайуонцæ? Æдæрсгæй рауадзиуонцæ еу ауæдзæ инней фæдбæл.

Генардухъи исгисан кодтонцæ трактористти къуари бригадирæй. Е зин æма бæрнон ихæс адтæй: трактортæ зæронд, æййевæн хæйттæ син нæ, трактористтæ сæ сæхе хъауритæй куддæртæй исцалцæг кæниуонцæ. Æхсæвæйбонæй трактортæ кустонцæ будурти. Бригади иуонгти хуссунмæ евдæлгæ дæр нæ кодта, уæд ма сæ бригадири уавæр ба куд адтайдæ?



БÆЛÆУТИ-ДЗАГОЙТИ Сарæ Генардухъи кизгæ æ фурт Алани хæццæ.

Генардухъ домагæ адтæй кусти, фиццагидæр, æхецæй, уæдта æ дæлбарæ косгутæй дæр, сæ хæццæ æмгуст кодта, цалцæг кодта техникæ, трактористтæй ескæмæ ести фарста ку фæззиннидæ, уæд си алкæмæ дæр лæмбунæг байгъосидæ æма архайдта гъуддаг куд хуæздæр адтайдæ, уотæ райаразунбæл. Трактористи куст æнцон некæд адтæй. Æфсæн бæхæн æ хурфæ лæдæрун гъудæй, алли стуф дæр гъæуама музыки зæлау зæрдæмæ гъара.

### Æ УОТИД ЦÆСТИНГАСÆЙ ДÆР ЛÆДÆРДТАН НÆ ФИДИ

Сауæнгæ рагуалдзæгæй ба фæззæги уæнгæ, цалинмæ будуйрон куститæ нæ фæцæйуонцæ, уæдмæ трактористтæ бустæги æнæевдæлон уийуонцæ. Мадта зуймон мæйти дæр уотæ – техникæ гъæуама цæттæгонд æрцудайдæ уалдзæгмæ, дæ цæнгтæ еугур цъидагæ, уотемæй гъæуама косай, архайæй зуймон уазал бæнтти, сахæттæ нæ нимайгæй. Нæ фидæ ба техникæ уæлдай æновудæй уарзта, уарзта фæллойнæ кæнун, æнæ уотемæй ба кусти æскъуæлхтдзийнадæ равдесæн неци хузи адтæй…

Уалдзæги ба райдайиуонцæ будуйрон куститæ. Алли бригадæ дæр архайдта хуæздæр бакосунбæл æма фулдæр тиллæг æрзайун кæнунбæл. Адæм сæхуæдтæ куд фæйнæхузон æнцæ, сæ архайд дæр уотæ адтæй, фал Генардухъмæ ба уæхæн лæгигъæдæ адтæй æма алке зæрдæмæ дæр дæгъæл иссеридæ. Устур цæстиварди имæ адтæй трактористи хъиамæт – зудта 'й, уой хуарз бакусти хæццæ баст ке 'й исонибони тиллæги бæрзонд æрзад. Æма сæбæл ауодгæ дæр кодта, уæдта си сæрустур дæр адтæй. Кацанти Ламбег – бæрзонд, хуæрзконд механизатор – нæ фиди фæсномугæй худта «министр», мах ба, «министри цæуæт», зæгъгæ. Иннæ уæхæн Хайманти Æхсарбег – федартæ арæзт æфсæрмдзæстуг лæхъуæн.

Фæстæдæр нæ фидæн æ уодуæлдай кусти фæдбæл аккагонд æрцудæй майдан «Фæллойнадон æскъуæлхтдзийнади туххæй».

Нæ фидæ тугъди хабæрттæ махæн æстæн хатт кæнидæ, фал сæ нæ мадæн ба изæригæнтти фæскуст даргъ æхсæвти дзорун райдайидæ æма махæн дæр нæ еугур бауæртæ дæр гъостæ фестиуонцæ, уотæ цæмæдесаг уиуонцæ æ дзубандитæ.

Уазал дони астæумæ нидонвæлдад угæй, цæуиуонцæ дзæвгарæ рæстæг, сæ зæнгитæ сæ буни фæттасиуонцæ, нецибал лæдæриуонцæ, сæ цæститæ цæугæ-цæун кæрæдзебæл æрниндæдзиуонцæ, еу сор зæнхи гæппæл алфамбулай некæми. Айдагъдæр лæугæ-лæуун дæ тохæнгарзбæл дæхе æрæнцойнæ кæнæ, цæмæй дæ цæститæ раулæфонцæ æма бабæй идарддæр фæццæуис.

Райгурæн бæстæ тугъди рæстæг Генардухъæн ци хуæрзеугутæ исаккаг кодта, уонæбæл фæстугъд бафтудæнцæ цалдæр: майдантæ «1941-1945 æнзти Устур Фидибæстон тугъди фæуухлахези туххæй», «Уæлахези 20 анзей кадæн», «Уæлахези 30 анзей кадæн», «ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухти 60 анзей кадæн».

Нæ фидæ æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1982 анзи. Махæн Генардухъ айдагъ фидæ нæ адтæй, фал хестæр, æ уотид цæстингасæй дæр ке лæдæрдтан, уæхæн адæймаг.

Хуæрзæгъдау æма курухон адæймагæй æй имисунцæ гъæубæсти цæргутæ абони дæр ма. Æ фæлмæн зæрди рахаст, æ фарнæ мæрдтæмæ нæ фæххаста Генардухъ, фал æй æ кæстæртæн ниууагъта устур хæзнайæн.

### ХЕСТÆРТÆН СÆ УСТУРДÆР АМОНД – СÆ КÆСТÆРТÆ РÆСТВÆНДАГ КУ УОНЦÆ!..

Мæ дзубанди æнхæстбæл нæ нимайун, нæ фидæ æ фæсте ке ниууагъта, уони кой ку нæ искæнон, уæд.

Нæ хестæр æнсувæр Лерик, райгурдæй 1937 анзи. Райста аразæги дæсниадæ. Нæ фидæ тугъдмæ ку рандæй, уæд асæ адæми хæццæ æмгуст кодта, ци хузи куст ба нæ бавзурста æ хуæрзæригон кари. Гъæди куститæй æрæздæхгæй, æ минкъий къохтæй ма æ хæццæ хускъитæ дæр æрхæссидæ æ гъæбеси. Царди еугур гъуддæгути дæр æ фиди хузæн хуæрзæгъдау, адæмуарзон.

Нæ иннæ æнсувæр Матвей райгурдæй 1946 анзи. Куста цардиуаги домæнтæ æнхæстгæнæн къæбази сæйраг энергетикæй, фæстæдæр ба æ цард æнæгъæнæйдæр исбаста кæстæр фæсевæд гъомбæл кæнунади хæццæ: «Ахургæнæг нæ рандæуй цардæй, е нихкуссуй хорау, фал æ гъуддæгутæ ба цæрунцæ адæми 'хсæн æностæмæ…» Аци арфи дзурдтæ загъд æрцудæнцæ Матвейи туххæй, æ уæлзæнхон цардæй 2010 анзи ку рахецæн, уæд... Финддæс æма инсæй анзи 10-аг лицейи фæккуста мастерæй, алли ахурдзауи зæрдæмæ дæр æ бон адтæй над иссерун, исфæлдистадон хузи гъуди кæнунбæл сæ бафтаун. Ци фæсевæд гъомбæл кодта, уонæй беретæ фæстæдæр иссæнцæ устур æма номдзуд лæгтæ, бæрнон бунæтти косгутæ, лауреаттæ. Æ уодуæлдай кусти туххæй ин лæвæрд æрцудæй «Уæрæсей профессионалон ахуради Кадгин косæг»-и ном. Æ къæрæ берæ рæстæгути адтæй республикон Кади фæйнæгбæл.

Максим райгурдæй 19 июли 1949 анзи. Æрдзæй рæстзæрдæ, удæй кæдзос, æ медбилхудтæй æлхæдта адæми зæрдитæ. Астæуккаг скъола каст фæууни фæсте службæ кодта Советон Æфсади рæнгъити. Хъæбæр æй фæндадтæй артист исун, фал, æвæдзи, цардæн æхемæ æндæр домæнтæ фæууй адæймагмæ. Актер си нæ рауадæй, фал берæ æнзти дæргъи ба фæккуста ювелирæй Дзæуæгигъæуи кустуæттæй еуеми. Фæстæдæр байгон кодта дзолфицæн кустуат, цæмæй æ бийнонти материалон уавæр еу гæзæмæ фæххуæздæр кодтайдæ, уой туххæй. Цæйбæрцæбæл хæларзæрдæ адтæй, уомæн ба æвдесæн æй е дæр, æма багъæуаги имæ æхе кадæриддæр бахатидæ, уонæй некæд неке раздахта æнæ фæййагъаз кæнгæй. Уойбæрцæбæл фæлмæн æма адæймагуарзон адтæй, æма 2012 анзи 12 майи æ уæлзæнхон цардæй ку рахецæн æй, уæд ибæл хъæбæр берæ дзиллæ зæрдихæлдтитæ кодтонцæ.

Куд нæ фидæ, уотæ Матвей æма Максим дæр цардæнцæ адæми цæрайæй. Уомæ гæсгæ сæ абони дæр ма еци зæрдхъурмæй имисунцæ айдагъ сæ хеуæнттæ нæ, фал сæ зонгитæ, æмзæнхонтæ, синхæнттæ... Кæмифæнди дæр сæ кадæ сæ разæй цудæй. Уомæ гæсгæ си дæн сæрустур абони.

Нæ адæм, нæ Иристон алкæддæр сомигъон адтæнцæ сæ разагъди лæгтæй, уомæн æма етæ æнцæ тухгин, рæстуод, кæдфæнди дæр балæудзæнæнцæ адæймаги фарсмæ. Мæ зæрдæ зæгъуй нæ нури доги фæсевæдæн уой, æма, етæ ци зинвæндæгтæбæл рацудæнцæ, уони куд некæд бавзаронцæ, еци амонд!

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**САБЕТИ Петри кизгæ Верæ (1920–2013)**



**СОЗАЙТИ–АБАЙТИ Михали кизгæ Любæ (1917–1996)**



**МАЛИТИ Дехъой фурт Геуæрги (1924–1942)**



**МАЛИТИ Харитони фурт Дзотда (1925–1943)**

**Цæгат Иристони АССР-и Сæйраг Советмæ фиццаг æвзурститæ рацудæнцæ 1938 анзи 26 июни. Уой размæ ба (1936 анзи) ист æрцудæй ССР Цæдеси Конституци, кæцимæ гæсгæ Цæгат Иристон автономон облæстæй иссæй автономон республикæ.**

*Цитгин МУХАММАД, нæ Исфæлдесæги минæвар фæдзахста: «Фудракæндæ уи ка фæууина, е æй æруорамæд æ къохæй; уотемæй ин е ку нæ бантæса – уæдта æ цъухæй; е дæр æ бон ку нæ исуа – уæдта æ зæрдæй...» Пахампар ма фæдзахста: «Æцæгæй æуууæнкгун ни неке исуодзæнæй, цалинмæ æ зæрдæ æхецæн ци зæгъуй, уомæй е 'рвади хайгин кæнун ку нæ райдайа...»*



# НÆ ИСФÆЛДЕСÆГÆЙ НИН ФÆДЗÆХСТ ÆЙ НÆ ЦАРДИУАГÆ РÆСТУОДÆЙ АРАЗУН!..

Пусулмæнттæн сæ цитгиндæр бæрæгбæнттæй еуебæл нимад æнцæ Хъурмантæ (арабагау æй хонунцæ Ид аль-Адха, тюркагау ба – Курбан-байрам).

Бæрæггонд цæуй куд нивондæрхæссуйнади Бон. Ралæууй пусулмон къæлиндари дууадæсæймаг мæйæ зуль-хиджи 10-аг бон. Уæрæсей официалон æгъдауæй ци еумæйаг граждайнаг къæлиндарæй пайдагонд цæуй, уомæ гæсгæ ба Хъурманти райдайæн алли анз дæр фæууй æндæр рæстæги, уомæн æма пусулмон æма еци къæлиндари еуæй-еу мæйити бæнтти бæрцæ фæйнæхузи æй. Уомæ гæсгæ аци анз Хъурманти райдайæн хауй 28 июнмæ æма бæрæггонд цæудзæнæнцæ æртæ боней дæргъи.

Пусулмæнттæ аци бæрæгбон фæххезунцæ, уомæн æма баст æй пусулмон дини бундорон фондз фæткемæй еу – Меккæмæ, пусулмæнттæн тæккæ нимаддæр бунатмæ хадж искæнуни хæццæ.

Меккæмæ ка раст уй, етæ уордæмæ гъæуама бахъæртонцæ зуль-хиджи фиццаг бæнтти, Хъурманти райдайæни размæ, уæдта хонх Арафати фалдзости, дæлвæзæ Муздалифи æма ма æндæр бæлвурд бунæтти æртæ боней дæргъи гъæуама исæнхæст кæнонцæ сæрмагонд æгъдæуттæ. Уонæн сæ сæйраг хауй зуль-хиджи 10-аг бонмæ. Уæд райдайуй нивондæрхæссуйнади Бон.

Уогæ еци Бон бæрæг кæнунцæ, хаджи ка фæууй, айдагъ етæ нæ, фал дуйней еугур пусулмæнттæ дæр, уомæн æма е æй пусулмæнттæн, мæнæ минкъий раздæр куд загътон, уотемæй сæ цитгиндæр бæрæгбон. Æ нисанеуæг æма æ медес ци 'й, уобæл дзоргæй æнæмæнгæ зонун гъæуй, кæд æма кутемæй фæззиндтæй, уой. Æ райгурци бундор æй хъæбæр идард евгъуд дзаманти, Ибрахими пахампардзийнади доги.

Цæветтонгæ, Хуцауи æрвист лæг, Ибрахим (Авраам) нæ Исфæлдесæг си куд байагурдта, уомæ гæсгæ нивондæн гъæуама æрхастайдæ æ хестæр фурт Исмаили, кæци ин æдзæрæг рауæни райгурдæй Хаджарæй.

Уавæртæ ба си уæхæнттæ адтæнцæ, æма мадæ æ минкъий фуртæн уæддæр дони хъурт иссерунбæл æ зæрдæ дæр ку нæбал дардта, уотемæй силгоймаг, кæд хъæбæр исæнæхъаурæ 'й, уæддæр Сафа æма Марва, зæгъгæ, еци уобæутти рæбунти авд хатти ку æррауайæ-бауайæ кодта, уæд æнай-æнойти рауидта: æ сувæллон кæми ниууагъта, уоми уой хуæрзрæбун зæнхæй ниццавта сауæдонæ Зæмзæм. Е дессаг куд нæ адтайдæ, иннæ дессаг ба е æй, æма, Зæмзæми дон разиндтæй уодихуаси хузæн: адæймаги æфсадуй хуæруйнаги хузæн, агъаз кæнуй берæ аллихузон незтæй.

Исмаил ку райрæзтæй, уæд Ибрахим æ фуни фæууидта, Хуцау си ке домуй, цæмæй æ фурти нивондæн æрхæсса. Фидæ куд нæ батухстайдæ: æнгъæл берæ кæмæ фæккастæй, берæ ке уарзта, æ еци фурти æй багъудæй нивондæн æрхæссун...

Фурт æ фиди тухст куд нæ балæдæрдтайдæ, æма унаффæ рахæссун ин цæмæй фенцондæр адтайдæ, уомæ гæсгæ ин уотæ загъта:

– Хуцауи фæндæ куд æй, уотæ бакæнæ…

Хуцауи размæ æргомзæрдæ æма коммæгæс уогæй, Исмаил æхуæдæг дæр æма æ фидæ дæр уобæл исарази 'нцæ. «Æма сæ дууæ дæр ку исарази 'нцæ æма е ку æрæвардта (æ фурти) æ фарсбæл, уæд Мах имæ исдзурдтан...» (сурæ 37 «Æмрæнгъитæ ислæугæй», аят 104).

Еци лæгæвзарæнæн Ибрагим æма Исмаил ке бафæразтонцæ, æцæгæй æуууæнкгун ке разиндтæнцæ, уомæ гæсгæ Хуцау æ раздæри фæндæ райиивта æма фидæн барæ равардта, цæмæй æ фурти бæсти нивондæн æрхæсса фус. Уомæ гæсгæ нивондхæссуйнади Бон нимад цæуй куд Хуцауи æцæгæй нимайундзийнади, уомæн табу кæнуни нисанеуæги бон. Цитгин Хъурани загъд ес: «Ковæ дæ Хуцаумæ (бæрæгбони намаз кæнгæй) æма æрхæссæ нивонд (нивондаг)».

Бæрæгбон бæрæг кæнун райдайунцæ сæумæраги. Пусулмæнттæ, сæ бауæр еугурæй дæр искæдзос кæнгæй, нæуæг кенæ федауцæ дарæс искæнгæй, рараст унцæ мæзгитмæ æма уоми еумæйагæй намаз кæнунцæ, кæсунцæ Хъуран, игъосунцæ имам-хатиби динамундтитæмæ (хутбу), кæцитими кадæ кæнунцæ Хуцауæн, дзубанди цæуй нивондæрхæссуйнади æгъдауи равзурд æма уой ахедундзийнади туххæй. Дзубанди си фæццæуй, цæмæй алли адæймаг дæр архайа, зæнхæбæл царди сабурдзийнадæ æма хæлардзийнадæ, кæрæдзей нимайун æма уарзундзийнадæ ниффедар кæнунбæл. Бæрæгбони намази фæсте райдайунцæ нивондæрхæссуйнади æгъдау æнхæст кæнун.

Уотæ нимад цæуй, æма фагæ 'й, еу адæймаг нивондæн, кенæ ба бийнонтæ ку æрхæссонцæ фус кенæ сæгъæ. Уотæ дæр æнгъезуй, æма авд пусулмон лæги кенæ авд бийнонти, еумæ бадзубанди кæнгæй, нивондæн æрхæссунцæ еу фиртон, фид се 'хсæн æмдех ракæнунцæ, æма е дæр нимад æй æнхæстгонд æгъдаубæл. Нивондаг æнгъезуй сæрмагондæй Хъурмантæмæ исхæссун, кенæ ба 'й ескæмæй балхæнун.

Хъурмайнаг косæрттагæн бæззуй анзæй фулдæр кæбæл цæуй, уæхæн фус кенæ сæгъæ. Сторвонс ба, дууæ анземæй минкъийдæр кæбæл нæ цæуа, уæхæн. Хъурмайнаг косæрттагæн нæ бæззуй, ести сахъатдзийнадæ кæмæ уа, æ иуæнгтæй ескæци лух кæмæн уа, ести незæй сæйгæ, кенæ ба фудхуз ка уа, уæхæн фонс. Нæ бæззуй хъæрæу, къулух, дæндæгутæ кæбæл нæ уа, æ еу гъосæн, æ къæдзелæн кенæ цæстæн æ фулдæр хай кæмæн нæ уа, уæхæн фонс дæр.

Косарт кæнгæй хъурмайнаги тог исуадзуни хуæдразмæ гъæуй зæгъун сæрмагонд дуа: «Бисмилляхи Аллаху Акбар» («Еунæг Хуцауи сæрбæлтау, Еунæг Хуцауи номæй бæрзонддæр неци ес…») Æвгæрдун ба гъæуй дзæбæх циргъ кардæй, цæмæй фонс гъезæмарæ ма кæна, уой дæр уотемæй æма косартгæнæги къохи, ци хъурмайнаг æвгæрда, е гъæуама кард æгириддæр ма фæууина, уæдта косартгæнæгæн æ рази уæлдай адæмæй маке уа.

Косарт кæнæн ес бæрæгбони æртæ боней дæргъи: æ фиццаг бони сæумæй (бæрæгбони намази фæсте) сауæнгæ æртиккаг бони фæссехуари намази райдайæни уæнгæ.

Хъурмайнаги фид еугурæй дæр дæхецæн ниууадзæ, зæгъгæ, уомæн нецихузи ес уæн. Фид гъæуй æртæ дехи ракæнун. Еу си æй дæхе, дуккаг гъæуама иурст æрцæуа мæгуртæн, уæззау сæйгитæн, фæккæсуйнæгтæн æфсапи хузи, æртиккаг хай ба – хъурманлæхъ искæнунæн, æрбацæуугутæ, хæстæгутæ æма синхæгти байуазæг кæнунæн. Нивондæн хаст косæрттаги фид уæйæ кæнун не 'нгъезуй, уотæ æ сæр, цар кенæ къæхтæ дæр – гъæуй сæ лæвар байуарун, кенæдта сæ дæхецæн ниууадзæ…

Æнæмæнгæ, Хъурмантæ æнцæ устур бæрæгбон, æма уой бæнтти адæми зæрдитæ гъæуама уонцæ цийнæ æма уодæнцойнæй райдзаст.

Нæ дзубандий кæронбæттæни ба нæ фæндуй зæгъун уой, æма Хъурманти бæрæгбони цитгиндзийнади фæрци адæм сæ царди бæнтти райдзаст æма зæрдрохс куд уонцæ, Иристони цæрæг адæм æнæгъæнæй дæр – ка ци дин хæссуй, ка ци адæмихаттæй æй, уомæ нæ кæсгæй – сæ еугурей бийнонтæн дæр амондгун æма фæрнæйдзаг куд уонцæ сæ царди бæнттæ. Хуцау нæ еумæ цæрунмæ исæнтæсун кодта, æма гъæуама æмзæрдæ-æмзундæй нæ цард аразæн федауцæй, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй, Хуцау ни арази цæмæй уа, уæхæн арфиаг гъуддæгутæй агъаз кæнгæй кæрæдземæн.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **950**. Заказ **№ 1355.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 23.06.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 23.06.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**